



YAYASAN PENDIDIKAN ISLAM DAN PONDOK PESANTREN AL-HAQQI SIDOREJO (YPI-PPAHS)

MADRASAH IBTIDAIYAH(MI) AL-HAQQI

NSM : 111.2.35.21.0101, NPSN: 69881903

Jln. Timur Makam Sidorejo RT.001 RW.002 Kode Pos: 63271 Sidorejo Geneng Ngawi Jawa Timur

E-mail: mi.alhaqqigeneng@gmail.com

UJIAN MADRASAH IBTIDAIYAH TAHUN PELAJARAN 2020/2021

LEMBAR SOAL

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa
Jenjang	: Madrasah Ibtidaiyah
Hari/Tanggal	:
Waktu	: 90 Menit

PETUNJUK UMUM

1. Berdo'alah kepada Allah SWT sebelum memulai mengerjakan paket soal
2. Isikan Identitas Anda ke dalam Lembar Jawaban Ujian Madrasah (LJUM) dengan menggunakan Bolpoint sesuai di LJUM.
3. Isikan jawaban soal ke dalam LJUM sesuai petunjuk LJUM
4. Tersedia waktu 90 menit untuk mengerjakan soal.
5. Jumlah soal sebanyak 50 butir, pada setiap butir soal terdapat 4 (empat) pilihan jawaban.
6. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda menjawabnya.
7. Laporkan kepada pengawas ujian apabila terdapat lembar soal yang kurang jelas, rusak, atau tidak lengkap.
8. Periksalah pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada pengawas ujian.

PETUNJUK KHUSUS

Berilah tanda silang (X) pada huruf A, B, C atau D pada jawaban yang benar pada lembar jawab yang tersedia!

1. Wayah sore bocah-bocah padha dolanan ing latar. Sinambi ngenteni kanca-kancane sing durung teka, Yohana duwe kekarepan arep ngajak kancane nembang dolanan. Ing ngisor iki sing kalebu tembang dolanan yaiku
 - A. Kinanthi.
 - B. Pucung
 - C. Cublak-cublak suweng
 - D. Dhandhang Gula

2. Dina Minggu, omahe Pak Bandi kobongan. Geni sing murub katon mubal-mubal nganti
 - A. ajur ajer
 - B. ijo royo royo
 - C. abang mbranang
 - D. mumbul mumbul
3. Ironing sesorah becike nggunakake basa krama alus. Jalaran basa karma alus kuwi gunane kanggo ngajeni wong sing diajak guneman. Coba jangkepana ukara iki, Bilih wonten ... kula nyuwun pangaksami dhumateng panjenengan sedaya.
 - A. salah.
 - B. kalepatan..
 - C. kliru
 - D. kesalahan
4. Ing ngisor iki sing kalebu sandhangan panyigeg wanda yaiku
 - A. Cakra
 - B. Wulu
 - C. keret
 - D. wignyan
5. Arjuna iku Satriya kang bagus lan gagah Mula akeh kang padha seneng marang dheweke. Jangkepane tembung saroja ing dhuwur yaiku
 - A. gagah prakosa
 - B. gagah piyadege
 - C. gedhe dhuwur
 - D. pawakane
6. Cangkriman iku ana kang awujud wancahan, ana kang wujud pepindhan, ana kang awujud blenderan, lan uga tembang. Sing diarani cangkriman yaiku
 - A. Unen-unen utawa tetembungan kang kudu di bedhek isine / karepe
 - B. Unen-unen kang ajeg panganggone / ora kena diowahi mawa teges tertentu
 - C. Unen-unen kang ajeg panganggone mawa teges tertentu sing disemoni sifat uwong
 - D. basa kang endah
7. Ing ngisor iki sing kalebu ukara kang nduweni pola ukara J-W-L-K, yaiku
 - A. Ibu lagi masak soto
 - B. Andin tuku buku ing toko Delima
 - C. Bapak lagi ndandani sepeda
 - D. Andi tuku duren



8. Gamabar pawayangan ing dhuwur kuwi salah sijine tokoh Pandhawa kang arane
 - A. Puntadhewa
 - B. Werkudara
 - C. Janaka

- D. Nakula
9. Ukara ing ngisor iki sing kalebu ukara pakon yaiku
- Astri, tulung jupukno tas ing dhuwur meja!
 - Sapa sing nyanyi ing pannggung?
 - Ibu lagi dhahar rawon.
 - Kowe apa sida lunga menyang Jakarta ?
10. Bayem erine, ketan pulukane
aku rumongso....., ketekan panyuwune .
Tembung kang trep kanggo ngisi sampiran parikan ing dhuwur yaiku
- Bungah atine
 - Ayem atine
 - Adem atine
 - Susah atine
11. Simbah lagi ngunjuk obat saka dokter. Ukara kasebut yen di owahi dadi ukara tanggap, yaiku
- Simbah lagi diunjuk obate saka dokter
 - Obat saka dokter lagi ngunjuk simbah
 - Obat saka dokter lagi di unjuk simbah
 - Simbah saka dokter lagi ngunjuk obat
12. Ratna iku bocah sing sregep ngrumat awake. Saben isuk adus, lan ora lali nyikat untu karo odhol.
Mulane untune katon putih lan resik. Yen dicandra untune Ratna
- mucuk eri
 - ndamar kanginan
 - blarak sempal
 - miji timun
13. Anak gajah arane bledug, Yen anak kebo arane
- ketul
 - kirik
 - gudel
 - sawiyah
14. Ukara ing ngisor iki sing nggunakake seselan in yaiku
- Buku basa jawa jinupuk Amin ing laci meja
 - Sega jagung iku wis tumumpang ing dhuwur wakul
 - Bapak tindak Surabaya
 - Adhik ditimbali ibu, arep didelang karo iwak pindang

Gatekno ringkesan crita ing ngisor iku!

JOKO KENDIL

Joko Kendil yaiku putrane Prabu Asmawikana saka Kerajaan Ngambar Arum, Jawa Tengah, Indonesia, sing dilahirake cacat, yaiku kepalane kaya bentuk kendil. Kendil ing basa Jawa tegese pot utawa panci. Miturut crita, Joko Kendil nandhang cacat amarga dikalahake dening dukun wiwit isih ana ing rahim ibune. Senadyan kahanan kasebut, Joko Kendil bisa nikahi putri raja ayu lan ayu.

15. Sing dadi paraga utama ing ringkesan crita ing dhurur yaiku
- Joko Kendil
 - Prabu Asmawikana
 - Kerajaan Ngambar Arum

D. pot utawa panci

16. Ukara ing ngisor iki nggunakake ater-ater Tri Purusa, **kajaba**

- A. Klambine Siti lagi dakjahit
- B. Bukuku opo kokjupuk?
- C. Kembang mawar iku lagi disirami Ani
- D. Adik lagi mangan sega pecel

17. Cipir mrambat kawat

Jangkepana isi parikan ing dhuwur, yaiku

- A. Ora mampir angger liwat
- B. Ora ngapa sing penting banter
- C. Aku seneng mangan cipir
- D. Manggis karengat

18. “Kowe kudu sing sregep sinau supaya pinter” dhawuhe ibu.

Ukara kasebut yen diowahi dadi ukara crita malih dadi

- A. Ibu dhawuh yen aku kudu sregep sinau supaya pinter.
- B. Ibu dhawuh, yen kowe sregep sinau mesti pinter.
- C. Ibu dhawuh, kowe sregepa sinau supaya pinter.
- D. Ibu dhawuh, sapa sing sregep sinau mesti pinter.

19. Bapak nembe maos koran ing teras ngajeng. Sing dadi wasesane ukara kasebut yaiku

- A. bapak
- B. nembe maos
- C. koran
- D. ing teras ngajeng

20. Panulisan aksara jawa (nganggo pasangan la) Beras larang, sing bener yaiku.....

- A. be r sL n=
- B. ke l sL n=
- C. ge l sL n=
- D. pe r sL n=

21. Tembang maca pat itu sawijine karangan kang kaiket mawa paugeran: guru gatra, guru lagu, lan guru wilangan. Tembang macapat iku cacahé ana

- A. 10
- B. 11
- C. 12
- D. 13

22. Aksara Jawa lagi ditulis Santi ing buku tulis. ukara kasebut yen diowahi dadi ukara tanduk, dadi

- A. Santi lagi nulis aksara Jawa ing buku tulis
- B. Santi lagi ditulis aksara jawa.
- C. Aksara jawa lagi ditulis ing buku tulise Santi
- D. Nulis Santi aksara jawa ing buku tulis

23. Godhong klaras godhong

Bocah memelas luru rejeki

Tembung kang trep kanggo ngisi sampiran ing parikan iku

- A. angka

- B. krambil
 - C. kemangi
 - D. gedhang
24. Prabu Puntadewa iku ratu ing Negara
- A. Ngamarta
 - B. Ngastina
 - C. Maespati
 - D. Dwarapati
25. Saben dina Minggu, Sinta bola-bali menyang alun-alun saperlu arep olah raga bareng kancane. Tembung rangkep bola-bali tegese.....
- A. Mulih
 - B. Bali
 - C. Wira wiri
 - D. Budhal mulih
26. Salah sijine paugeran tembang macapat yaiku guru wilangan. Ing ngisor iki sing diarani guru wilangan yaiku
- A. Bait/koplet
 - B. Cacahing gatra saben sapada
 - C. Dhong dhinge/tibane suwara ing saben pungkasane gatra
 - D. Cacahing wanda ing saben sak gatra
27. Tuladhane peranganing layang pribadi
- Katur
- Bapak/Ibu guru
- MI AL Huda
- Semarang
- Perangan layang pribadi ing dhuwur iku kalebu
- A. surasa basa
 - B. adangiyah
 - C. titi mangsa
 - D. wasana basa
28. Raden Arjuna duwene gaman kang arane
- A. Panah Pasopati
 - B. Jimat Kalimasada
 - C. Keris Cundhamanik
 - D. Kuku Pancanaka
29. Ukara ing ngisor iki sing ngganggo tembung Saroja yaitu
- A. Bocah wingi sore olehe gelut nganti babak bundhas.
 - B. Polahe Si Bayu anteng kitiran.
 - C. Tatune Budi arang kranjang.
 - D. Pak Bandi olehe nyambut gawe nganti adus kringet.
30. Ibu mboten sios tindak dhateng Solo, amargi ... waja.
- Tembung sing cocok kanggo ngisi ceceg-ceceg ing dhuwur, yaiku
- A. lara

- B. sakit
 - C. gerah
 - D. mumet
31. Mripate bocah sing ayu kae yen cinandra
- A. blarak sempal
 - B. mucuk eri
 - C. jambe sinigar
 - D. ndamar kanginan
32. Jangkepana tembung paribasan ing ngisor iki supaya dadi paribasan kang mathuk!
- Rawe-rawe rantas,*
- A. palang mujur
 - B. malang-malang putung
 - C. palang bubrah
 - D. malang migung
33. Pak Herman olehe nyambut gawe nganti adus kringet. Tembung entar kang kacetak miring duweni teges
- A. nyambut gawe abot banget
 - B. adus nganti kringeten
 - C. metu kringete
 - D. entheng banget
34. Ing ngisor iki sing kalebu ukara panutup sesorah/pidato yaiku
- A. Sugeng siang
 - B. Para kadang peserta praktik engkang kulo tresnani
 - C. Bapak Sukadi ingkang kula urmati
 - D. Mugi-mugi saking palilahipun Bapak, kula sakanca make saged ngawontenaken observasi wonten ing bengkel ngriki. Bila kula sakanca kirang subasita lan tatakrama kula nyuwun agunging pangaksami. Nuwun.
35. Bapak benjing sonten badhe tindak ... Semarang. Tembung sing cocok kanggo ngisi cecek-cecek ing dhuwur yaiku
- A. saka
 - B. dhateng
 - C. saking
 - D. menyang
36. Negara Indonesia wis mardika tahun 1945. Aksara jawane 1945
- A. ;1 753;
 - B. ;1945;
 - C. ;1954;
 - D. ;1745;
37. Ukara ing ngisor iki kang kalebu ukara tanggap, yaiku....
- A. Adhiku ngundhuh pelem.
 - B. Tulung, aku penekne wit jambu kui.
 - C. Rotine dipangan Adhik.

- D. Ibu mundut jajan kanggo simbah.
38. Rikmanipun Simbah sampun kathah ingkang pethak. Ukara kang ngganggo basa krama kasebut yen diowahi dadi basa ngoko yaiku
- A. Rambute simbah wes akeh sing putih
 - B. Rekmane simbah wes akeh sing putih
 - C. Rambute simbah sampun akeh putihe
 - D. Rambute simbah sampun kathah putihe

Gambuh

Sekar gambung ping catur
kang cinatur polah kang kelantur
Tanpo tutur katula-tula katali
Kadulu warsa kpatuh
Katuduh pan dadi awon

39. Tembang gambuh ing dhuwur, guru wilangan lan guru lagune gatra ke-2 yaiku
- A. 8 a
 - B. 8 i
 - C. 10 a
 - D. 10 u
40. ... sing gawe layangan kuwi?
- Tembang pitakon kang mathuk yaiku
- A. kapan
 - B. sapa
 - C. kepriye
 - D. wayah apa